

Non ak adrès founisè a

**AVI RESPONSABLITE POU SEVIS KI DEJA
EGZISTE YO 2010**

Endividi k ap resevwa sèvis yo: _____ Dat _____

Frè \$ pou sèvis yo: \$ _____ par _____

Ou te resevwa avi sa paske ou se moun ki site pi wo a k ap resevwa youn nan sèvis ki nan lis anba a (oswa w ap ede moun nan), ou dwe peye pou sèvis yo pou moun ki site anwo a ak pwòp lajan ou, oswa paske ou responsab pou lajan moun ki site pi wo a. Si ou se moun ki rele pi wo a, chak fwa ou li "moun nan" oswa "ou" nan avi sa, sa vle di ou.

Nou bay moun nan sèvis yo tcheke anba a. Sa yo se sèvis ki sipèvize pa Biwo Eta Nouyòk la pou Moun ki gen Andikap Devlopman.

- | | |
|---|---|
| <input type="checkbox"/> MSC (Kowòdinasyon Sèvis Medicaid la) | |
| <input type="checkbox"/> tretman lajounen | <input type="checkbox"/> sèvis relèv |
| <input type="checkbox"/> abilitasyon kominotè | <input type="checkbox"/> sèvis travay sipòte |
| <input type="checkbox"/> Reyabilitasyon rezidansyèl lakay ou | <input type="checkbox"/> Pwogram OPTS sèvis melanje |
| <input type="checkbox"/> sèvis pre-pwofesyonèl | <input type="checkbox"/> Sèvis konplè pwogram OPTS |

Apati 15 jen 2010, nenpòt moun k ap resevwa nenpòt nan sèvis sa yo dwe gen kalite Medicaid ki peye yo oswa ki dwe peye pou sèvis yo. Dispozisyon oswa rediksyon frè yo disponib nan sikonstans ki pa nòmal.

Ban nou enfòmasyon

Rive 15 jen 2010, ou dwe ba nou enfòmasyon nou mande yo. Si Medicaid la pa deja kouvri sèvis yo, nou bezwen wè si Medicaid la oswa yon lòt moun ap peye. Menmsi ou dakò pou peye pou sèvis yo, nou ka mande w enfòmasyon pou wè ki moun ki peye pou sèvis yo, si nenpòt moun ki peye yo kapab peye li, epi si Medicaid ap peye.

Nenpòt lè apre 15 jen 2010, pandan n ap bay sèvis yo, ou dwe fè nou konnen:

- Nenpòt notifikasyon ki sòti nan yon distri Medicaid konsènan pèt Medicaid moun nan. Ou dwe fè nou konnen avi a pa pita pase 5 jou aprè ou resevwa li oswa ou vin konnen li.
- Nenpòt chanjman nan kalite kouvèti Medicaid la.
- Nenpòt chanjman nan revni, ekonomi oswa lòt byen, sitiyasyon k ap viv, sitiyasyon imigrasyon, oswa nenpòt lòt chanjman ki afekte kalifikasyon moun nan pou Medicaid la.
- Si ou panse ou pa gen pou peye pou Sèvis yo ankò, si ou panse yon lòt moun ta dwe peye, oswa si oumenm oswa yon lòt moun pa kapab peye ankò.

Nou dwe pwoteje enfòmasyon prive nou jwenn yo. Se sèlman sèten moun k ap travay pou nou ki gen dwa mande ak wè enfòmasyon sa yo. Nou kapab sèlman bay Eta Nouyòk la ak lòt moun enfòmasyon sa yo pou aplike pou benefis tankou Medicaid, Medicare, Sekirite Sosyal ak kupon pou manje.

Peye pou sèvis yo

Si moun nan deja gen bon kalite Medicaid, ou dwe ban nou Nimewo ID Kliyan Medicaid moun nan (oswa yon lòt bagay ki pwouve li gen Medicaid) epi moun nan dwe kenbe Medicaid la alavini.

Si moun nan pa gen kalite Medicaid ki bon an:

W ap bezwen aplike pou Medicaid si pèsonn pa peye nou pou sèvis epi nou pa anile frè. Si ou dwe aplike pou Medicaid la, ou dwe fè tout sa ki legal pou kalifye moun nan pou bon kalite Medicaid la epi ki pral kenbe kalite Medicaid ki bon pou moun nan. Ou ka ban nou enfòmasyon tou epi kite nou fè aplikasyon an tèt nou oswa ede w aplike.

OSWA

Ou pral oblije peye pou sèvis yo si pa gen okenn lòt moun ki peye nou pou yo epi nou pa anile frè a. Si ou responsab lajan moun nan, ou gen sèlman pou itilize lajan moun nan, pa pwòp lajan ou, pou peye pou sèvis yo.

Kalite Medicaid ki bon an se kalite ki pral peye pou sèvis moun nan resevwa yo.

Ou dwe fè sa ki nesèsè pou enskri moun nan nan Egzansyon pou Sèvis nan Kay ak Kominote (HCBS) la, sof si moun nan pa resevwa oswa mande okenn sèvis HCBS. Sèvis ki pa sèvis egzansyon HCBS yo se tretman lajounen, Kowòdinasyon Sèvis Medicaid ak sèvis ICF/DD.

Frè konplè nou pral mande pou Sèvis yo parèt sou avi sa oswa sou yon fèy ki tache ak avi sa. Si nou redwi frè yo, ou dwe peye frè redwi yo. Si nou redwi oswa anile frè yo, epi yo jwenn ou kapab peye tout frè a, w ap oblije peye tout frè a. N ap ba w yon avi alekri 30 jou si nou chanje frè ki redwi yo oswa frè yo anile. W ap toujou responsab pou frè yo, epi n ap kontinye voye bòdwo pou ou, menmsi Eta a peye nou pou sèvis yo e menm si lalwa egzije nou pou nou sèvi w.

N ap voye bòdwo ba ou si ou peye pou sèvis yo. N ap voye yon bòdwo ba ou pou yon mwa anvan 30 mwa pwochen an. Pa egzanp, n ap voye fakti jen an ba ou anvan 30 jiyè. Si ou pa peye bòdwo yo, nou pral eseye kolekte yo nan men ou. Nou pa ka entèfere ak Sèvis yo oswa anmède oswa menase ou oswa nenpòt lòt moun sou bòdwo ou yo. Si w toujou pa peye bòdwo yo, nou ka bay Eta Nouyòk la reklamasyon nou an pou pèman an.

Nou pa kapab sispann sèvis yo paske ou pa gen Medicaid epi pèsonn pa peye nou. Sepandan, si nou ap eseye sispann sèvis yo pou yon lòt rezon, ou dwe gen bon kalite kouvèti Medicaid oswa peye pou sèvis yo pandan ke gen pwosedi pou sispann sèvis yo.

Eksepsyon limite a

Si w ap resevwa sèlman travay sipò OSWA sèvis relèv ou ka elijib pou eksepsyon limite a. Sa vle di ou ka kontinye resevwa travay sipò oswa sèvis relèv (men pa tou de) san w pa aplike pou Medicaid ak egzansyon HCBS la epi san yo pa voye bòdwo pou sèvis yo. Pou aprann plis sou eksepsyon limite a, epi pou wè si ou ta ka vin elijib, mande pou piblikasyon "Enfòmasyon sou eksepsyon limite a".